



**PWOSE VÈBAL
REYINYON KOMITE LEKÒL BOSTON**

Mèkredi 14 Septanm 2022

Komite Lekòl Boston nan te òganize yon reyinyon adistans nan dat 14 Septanm 2022 a 5 p.m sou Zoom. Pou jwenn plis enfòmasyon sou sa ki ekri anba yo, ale sou www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee, imèl feedback@bostonpublicschools.org oswa rele Biwo komite lekòl Boston nan (617) 635-9014.

PREZANS

Manm Komite a ki te prezan: Prezidan Jeri Robinson; Vis Prezidan Michael O'Neill; Brandon Cardet-Hernandez; Lorena Lopera; Rafaela Polanco Garcia; epi Quoc Tran.

Manm Komite a ki te absan: Stephen Alkins

DOKIMAN YO TE PREZANTE

Ajanda

Rapò Reyinyon: Mèkredi 13 Jiyè 2022; Mèkredi 10 Out 2022; Mèkredi 31 Out 2022

Sibvansyon pou Apwobasyon ki Totalize 959 498\$

Nòt: Konvansyon Negosyasyon Kolektif BTU BPS SY 21-24

Pwotokòl Akò pou Konvansyon Negosyasyon Kolektif Siksesè pou Peryòd ki soti 1ye Septanm 2021 jiska 31 Out 2024 Ant Sendika Pwofesè Boston yo, Local 66, AFT-Massachusetts ak Komite Lekòl Vil Boston nan

Prezantasyon sou PowerPoint Komite Lekòl Akò Negosyasyon Kolektif la

RAPÈL A LÒD

Prezidan Jeri Robinson te kòmanse reyinyon an e te fè moun yo fè sèman angajman. Madam Sullivan te fè apèl. Mesye O'Neil ak Madam Lopera te absan. (Mesye O'Neill te jwenn reyinyon an imedyatman apre yon apèl nominal; Madam Lopera te jwenn seyans egzekitif ki ankou a). Tout lòt manm yo te prezan.

Reyinyon Adistans Komite Lekòl Boston nan Zoom

Mèkredi 14 Septanm 2022

Madam Robinson te anonse ke Komite a t ap ranvwaye imedyatman pou yon seyans egzekitif nan objektif pou mennen yon seyans estrateji ki lye ak seyans negosyasyon kolektif la avèk Boston Teachers Union (Sendika Pwofesè Boston yo) menm jan pou yon estrateji litij konsènan Mission Hill K-8 Pilot School. Fè diskisyon sa nan kad yon reyinyon ouvri gen efè k'ap lakoz prejidi sou pozisyon negosyasyon Komite a. Li te di ke Komite a t ap retounen nan sesyon piblik la a 7 p.m.

REPÒTE NAN SEYANS EGZEKITIF LA

Apwouve- Sou yon apèl nominal, Komite a te vote nan inanimite pou ranvwaye ak yon seyans egzekitif nan objektif pou mennen yon seyans estrateji ki lye ak negosyasyon kolektif avèk Sendika Pwofesè Boston yo (Teachers Boston Union) ak yon estrateji litij konsènan Mission Hill K-8 Pilot School.

RETOUNEN NAN SESYON PIBLIK AK APÈL NOMINAL

Prezidan Jeri Robinson rekonvoke reyinyon an nan seyans piblik nan apeprè 7:05 p.m. Doktè Alkins te absan. Tout lòt manm yo te prezan.

Li te anonse ke Komite a apèn soti nan yon seyans egzekitif nan objektif pou mennen yon seyans estrateji ki lye ak negosyasyon kolektif la avèk Boston Teachers Union (Sendika Pwofesè Boston yo) ak yon litij ki ankou konsènan Mission Hill K-8 Pilot School.

Madam Robinson te di ke reyinyon aswè a ap difize andirèk sou Zoom. Epi li pral redifize sou televizyon Boston City TV. Epi, y ap pibliye l sou bostonpublicschools.org/schoolcommittee ak sou Youtube. Li te anonse ke gen sèvis entèpretasyon similtane ki te disponib nan espanyòl, kreyòl ayisyen, kap vè, vyetnamyen, kantonè, mandaren, ak Lang Siy Ameriken (American Sign Language, ASL) epi te founi konsiy sou kòman pou aksede ak entèpretasyon similtane nan chanje chanèl Zoom nan. Dokiman reyinyon tradui yo te pibliye nan www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee avan kòmansman reyinyon an.

Madam Robinson te anonse ke BPS potko resevwa vèsyon final twazyèm faz rapò Mission Hill K-8 Pilot School la. Sepandan, prezantasyon ki pwograme a pou sware sa pral repwograme pou yon reyinyon alavni. Sirentandan Enterimè nan Drew Echelson, te ekspriime regrè ke li menm ak ekip li a pa t ap an mezi pou prezante fòmèlman sijè a jan sa te planifye, epi li ajoute li swete resevwa rapò final la byento epi ap prepare yon prezantasyon fòmèl pou pwochèn reyinyon an. Li te di ke BPS te deja kòmans idantifye ak abòde echèk sistèm yo ki te mennen nan evènman ki dekri nan Faz 1 rapò a nan Mission Hill School. Li angaje pou montre kisa echèk sistèm yo te ye epi ki mezi BPS ap pran pou remedye ak echèk sa yo. Madam Robinson te di l ap enpòtan pou pataje avèk piblik ka ki echèk ki idantifye nan rapò a, menm jan ki leson ki aprann ak pwochèn etap yo.

Madam Cardet-Hernandez te mande kilè direksyon BPS te resevwa yon avan pwojè twazyèm rapò a. Doktè Echelson te deklare li te wè yon rapò avan pwojè oubyen depi twa semèn ki potko redije. Li te ekspriime yon santiman ijans pou l jwenn dokiman redije rapidman.

Mèkredi 14 Septanm 2022

Madam Tran te eksprime preyoqipasyon sou otonomi lekòl la. Li te mande pou Komite Lekòl la jwenn avi sou pwoblèm jiridik yo depi nan kòmansman.

APWOBASYON PWOSE VÈBAL REYINYON AN

Apwouve – Nan apèl nominal la, tout Komite a te apwove pwosè vèbal reyinyon Komite Lekòl yo ki vini annapre yo: Mèkredi 13 Jiyè 2022; Mèkredi 10 Out 2022; ak Mèkredi 31 Out 2022.

RAPÒ SIRENTANDAN ENTERIMÈ A

Lè yo te fin prè nèt pou yo kòmanse.

Mèsi, Madame Chair. Mwen kontan pou jwenn ou aswè a. Mwen vle kòmanse aswè a nan abòde yon sijè ki nan tèt tout moun nan sa ki konsène ensidan ki te pase nan Burke High School jou Lendi a. Mwen vle klè: vyolans tout tip pa gen plas yo nan lekòl nou an. Sa ki te pase nan Burke a pa akseptab epi nou dwe nan fè yon sèl nan Vil la pou travay ansanm pou anpeche ensidan tankou sa. Nan BPS, nou te fè investisman enpòtan pou soutni jèn nou yo pandan nou ap fè fas ak twomatism la nan dènye ane sa yo. Nou gen travayè sosyal eskolè nan chak lekòl ak 9 travayè sosyal nan nivo distri yo pou bay sipò tou. Kwasans kapasite travay sosyal la te pèmèt nou alafwa pwoaktif epi founi yon soutyen ak triyaj nan tandem avèk ajans ki baze vil yo, jan repons nou an temwanye sa sou ensidan ki te pase nan Burke la. Nou te kapab reponn avèk travayè sosyal yo nan nivo distri a ak pou kolabore avèk yo epi soutni efò Project Right yo ak Ekip Twomatism Katye a. Sa se pratik kouran nou pou soutni elèv yo, pèsònèl yo ak fanmi yo. Nou ap kontinye tou fè investisman nan sekirite batiman yo tankou milyon sekirite ki pral mete a nivo ane sa – priyòze kèk lekòl ki nan bezwen mizajou imedyà epi apre sa, pase nan yon kalandriye mizanivo previzib sou plizyè ane pou distri a an antye. Pwoteksyon ak sekirite elèv nou yo ak pèsònèl nou yo rete priyòrite absolwi nou—Mwen rekonesan ak pèsònèl lekòl la ki sou tèren an chak jou pou soutni jèn nou yo. Li pa fasil pou travay, men wè elèv nou yo k ap epanwi vo lapèn.

Jan nou tout konnen, sa se dènye reyinyon mwen antan ke Sirentandan Enterimè. Mwen vrèman kontan (mwen pa kwè gen yon moun ki pi kontan pase mwen) pou akeyi Mary ankò nan BPS. Nou nan kominikasyon konstan epi mwen konfyan li pral dirije avèk konpasyon, lajwa, ak renmen pou elèv nou yo ak travay nou an. Premye jou Sirentandan Skipper retounen nan BPS se ap 26 Septanm. Premye reyinyon Komite Lekòl li antan ke Sirentandan pral fèt Mèkredi 28 Septanm.

Mwen tèlman kontan pou akeyi ankò pèsònèl nou an ak elèv nou yo semèn pase a ansanm ak semèn sa avèk aprenan ki pi jèn nou yo. Mwen vle remèsye tout Ekip Egzekitif nou an, dirijan lekòl yo, pwofesè yo, paraskolè yo, enfimyè yo, pèsònèl antretyen yo, monitè ak chofè bis yo, pèsònèl kafeterya a ak ekip Santral BPS la pou tout travay di yo pou asire yon bon kòmansman pou ane lekòl la. Avan ane lekòl la, nou t ap travay avèk Sant Re-Angajman an pou atenn elèv ki te absan yon jan kwonik yo. Divès douzèn benevòl te frape nan pòt yo epi te tann men bay elèv yo pou asire yo ale lekòl. Yo te pakouri seksyon Dorchester, Roxbury ak Jamaica Plain nan vil

Reyinyon Adistans Komite Lekòl Boston nan Zoom

Mèkredi 14 Septanm 2022

la. Yo te frape 166 pòt epi te atenn 77 fanmi pandan aksyon sansibilizasyon yo a. Nan premye jou lekòl la, mwen dwe fè konnen te sitèlman gen JWA ak yon elan pandan ke elèv yo te retounen nan salklas pa yo. Nou te kòmanse jounen an nan lakou bis la epi nou te kontinye pou atenn Forest Hills pou rankontre anbasadè liy oranj BPS yo ki te nan zòn ki pi frekante yo pou akeyi ak gide elèv yo. Dènyèman, mwen te nan Mattahunt School ansanm ak Majistra Wu, Prezidan BTU Jessica Tang, Prezidan Jeri Robinson, ak lòt yo pou distribye divès kreyon epi salye elèv yo pou premye jou lekòl la. Lè nou nan Mattahunt, sa te pote anpil lajwa. Te genyen mizik, dans, aplodisman e menm yon kapèt wouj. Elèv yo te santi yo kontan pou yo retounen nan lekòl. Nan premye de (2) jou lekòl yo, mwen te vizite tou Taylor, Ellison, Mildred Ave, Mendell, ak PA Shaw Schools, ansanm avèk Boston Arts Academy epi Hernandez Dual Language School. Se te yon mèvèy pou wè elèv nou yo retounen nan salklas yo tou prè pou aprann. Nan moman vizit Mendell la, mwen te gen okazyon pou vizite ekspansyon 6èm ane a patnè nou yo òganize nan YMCA. Se te trè byen pou wè elèv nou yo ak pèsònèl la enstale nan nouvo kay yo epi nou rekonesan ak YMCA pou asosye avèk nou. Gen anpil manm Ekip Direksyon nou yo k ap vizite lekòl yo nan distri a, kèk nan patnè nou yo nan Konsèy Minisipal la. Epi finalman, se te byen pou nou nan Boston Arts Academy ak pou n wè antouzyasm elèv yo nan ide pou nou nan nouvo batiman men tou pou nou wè sipriz Big Papi ak jwè Celtics Grant Williams yo. Ala yon kòmansman ane lekòl mèveye– mèsè ankò ak tout moun ki t ap travay byen di pou akeyi tout elèv nou yo ankò nan lekòl la.

Mwa Patrimwàn Ispanik lan kòmanse epi nou pral kontinye jiska 15 Oktòb. Divizyon Estrateji Ekite ak Eka Opòtinite a pral ede planifye aktivite pou mwa. Pandan, semèn 3 Oktòb la, pral genyen yon konpetisyon lekòl segondè Latino ansanm ak divès evènman ki planifye pou 13 ak 14 Oktòb.

Angajman Biwo Kominote nou an te fasilite de (2) reyinyon vityèl pou pataje avèk fanmi yo kòman nou prepare pou akeyi pitit yo a ankò nan lekòl la. Yo te fè pwomosyon pou sa vya apèl otomatize, mesaj vokal, imel, ak bilten chak semèn paran yo. Apeprè 1 000 paran te asiste seyans yo epi yo te kapab angaje dirèkteman avèk manm ekip direksyon BPS yo pou jwenn repons ak kesyon yo sou pwotokòl COVID-19 yo, enfòmasyon sou sèvis transpò, Edikasyon Espesyal ak plis. Nouvèl Liy Asistans BPS aktivman fanmi yo pandan tout pwosesis rantre lekòl la. Ekip la, ki toujou ap rekrute, te anrejistre apeprè 2457 apèl ak imel, antran ak sòtan, avèk majorite kominikasyon pandan de (2) dènye semèn yo konsènan afektasyon, transpò, aksè ak Aspen ak devewouyaj Chromebook yo.

Mwen vle remèsye Direktè Sèvis Transpò Del Stanislaus ak ekip li a, ki t ap travay san pran souf pou abòde pwoblèm ak inovasyon nan sèvis transpò yo, t ap travay ansanm avèk Majistra, ekip la, ak tout lòt patnè ki te enplike yo. Pwoblèm prensipal nou se pou asire ke tout elèv nou yo ak pèsònèl nou an jwenn yon mwayen transpò pou pote yo san danje nan lekòl la. Nou t ap siveye kantite transpò maten ak aswè nou yo. Pote elèv nou yo san danje nan lekòl la nan maten epi mennen yo tounen lakay yo nan fen jounen an se sant misyon nou pou asire ke chak elèv jwenn sa yo bezwen pou reyisi. Lè rive bis nou yo avan lè klòch la ak aprè lè klòch la kontinye amelyore, jan nou kapab wè sa nan done ki sou ekran an. Nou ap kontinye fè amelyorasyon nan fonksyonman nou yo epi reponn ak bezwen transpò fanmi yo nan tout distri a. Prezans lan rete estab pandan de (2) premye jou yo ane lekòl la. Nou te a 78 pousan nan Premye Jou a, 81 pousan nan Dezyèm ak Twazyèm jou yo.

Mèkredi 14 Septanm 2022

Nan 8 Septanm, premye jou lekòl la, nou te soumèt dezyèm ansanm pati delivrab yo nan kad Plan Amelyorasyon Sistemik lan. Dokiman sa yo ranpli dezyèm ansanm angajman nou yo ki lye ak Pwoteksyon Elèv yo, Etablisman yo, Sèvis Transpò ak Done yo. Tout delivrab nou te soumèt yo kapab jwenn sou sitwèb BPS la nan www.bostonpublicschools.org/strategicprogress. Ekip distri a ap kontinye angaje avèk pèsonèl nivo senyò DESE a pou revize kòmantè pa yo epi pote divès ajisteman pandan nou ap kontinye kolabore sou travay kritik sa sou sistèm yo. Avèk enpasyans, nou ap resevwa lotòn sa, divès rekòmandasyon egzamen ekstèn ki lye ak Edikasyon Espesyal, Sèvis Transpò ak Pwoteksyon Elèv yo, epi prezante Plan Estratejik pou Aprenan Miltileng yo. Nou enpasyan pou angaje nou avèk pi gwo kominote BPS la otou de rekòmandasyon sa yo pandan nou ap planifye pou lavni.

Finalman, se dènye reyinyon Komite Lekòl Boston mwen an antan ke Sirentandan Enterimè. Mwen vle remèsye tout moun ki te ede mwen pandan pakou sa. Se te yon onè pou m fè pati ekip BPS sa ak pou wè travay ki ap fèt la. Mwen remakableman fyè pou sèvi timoun ak fanmi Boston yo menm si mwen konnen òganizasyon an dwe fè plis toujou pou pouse amelyorasyon akselere a. Fason chak manm ekip nou an santre objektif li sou elèv yo ak fanmi yo epi bay pi bon sipò posib te enspire mwen. Nou dwe konstwi divès sistèm sipò ak responsabilite nan tout BPS la. Mwen pral kontinye travay avèk Sirentandan Antran Skipper pou ede fasone vizyon li pou distri a ak pou asire nou ap fè pwogrè sou fason sistèm nou an ap founi sipò epi kenbe tèt nou responsab pou amelyorasyon nou ap anvizaje kolektivman yo. Mwen konnen genyen anpil konvèzasyon difisil alavni epi mwen akeyi yo paske mwen konprann nou bezwen yo pou repare tòn yon sistèm ki pa ekitab. Nou tout dwe travay ansanm pou atenn nivo kalite, ekselans, ak opòtinite elèv nou yo merite. Mèsi pou opòtinite a pou sèvi elèv ak fanmi Lekòl Piblik Boston yo nan wol sa. Mwen kontan kontinye sèvi nan nouvo wol mwen ak pou akeyi Mary nan sèlman 11 jou, san mwen pa konte. Sa konkli Rapò Sirentandan mwen an aswè a.

Sa se Rapò Sirentandan Enterimè mwen an aswè a.

Madam Robinson te remèsye doktè Echelson pou lidèchip li pandan peryòd enterimè enpòtan sa.

Mesye Cardet-Hernandez te remèsye Doktè Echelson pou sèvis sa ak lidèchip li pandan tan konplèks sa. Li te mande pou yon mizajou nan mank pèsonèl yo. Doktè Echelson te di genyen apwoksativman 180 pòs vid, avèk senk oubyen sis lekòl ki gen plis kantite pòs vid. Pòs syans segondè yo se pòs vid ki pi komen yo. Pèsonèl biwo santral la te deplwaye pou soutni lekòl yo. Pòs sekretè lekòl yo tou esansyèl pou ranpli. Mesye Cardet-Hernandez te ankouraje distri a kominike avèk fanmi ki afekte yo epi esplike estrateji kreyatif pou ranpli pòs vid esansyèl yo.

Madam Lopera te poze kesyon sou enpak fèmte Liy Oranj lan sou elèv yo ak fanmi yo. Doktè Echelson te rekonèt byen ke gran majorite elèv yo ap vini lekòl alè, te genyen kèk difikilte sinyifikatif, an patikilye avèk bis aprè midi yo. Pèsonèl sèvis transpò yo ap travay pou abòde pwoblèm sa yo. Li te di done yo sigjere pou BPS deplase nan bon direksyon an nan tèm amelyorasyon pèfòmans tanporèl yo. Direktè sèvis transpò a, Del Stanislaus, te dakò epi remèsye ekip li a pou travay di pa yo. Doktè Echelson te deklare ke responsab DESE yo te rekonèt fèmte Liy Oranj lan pral pwobableman fè enpak sou pèfòmans pou rive alè nan BPS pandan premye mwa lekòl la.

Mèkredi 14 Septanm 2022

Mesye O'Neill te pale sou enpòtans relasyon yo nan kesyon sekirite lekòl. Doktè Echelson te souliye ke lekòl yo san danje. Sirentandan Adjwen Operasyon yo, Sam DePina, te deklare ke pèsònèl la ap revize epi mete ajou pwotokòl pwoteksyon yo epi ap founi fòmasyon adisyonèl pou anplwaye yo. Mesye O'Neill te poze kesyon sou revizyon pwoteksyon ki ap fèt pa Konsèy Great City Schools yo (CGCS). Doktè Echelson te esplike nan kad Plan Amelyorasyon Sistemik la, CGCS ak odisyone twa domèn travay ki gen ladan yo pwoteksyon nan lekòl. CGCS ap konsantre sou pwotokòl yo, sistèm ak estrikti yo, epi sipò elèv yo ki disponib nan distri a. CGCS ap revize dokiman yo, fè entèvyou avèk entèvenan yo, epi pral fè yon ansanm rekòmandasyon.

Mesye Cardet-Hernandez te mande direksyon distri a pou fè swivi avèk nan ki dat BPS dwe kominike avèk fanmi elèv ki pa genyen yon pwofesè pèmanan. Li te mande yon mizajou pèsònèl ki pi solid nan pwochèn reyinyon an. Direktris Kapital Moun Pa Enterim nan, Rae Catchings, te deklare li pral travay avèk Sirentandan Antran Skipper pou bay Komite a yon mizajou solid.

Madam Polanco Garcia te poze kesyon sou efò pou amelyore kalite lè ki nan lekòl yo menm jan pou tout pwojè tant pou pèmèt yo manje deyò yo. Sirentandan Adjwen Operasyon yo, Sam DePina te deklare li pral founi yon lis lekòl avèk divès tant ak/oubyen filtè lè.

Madam Robinson te deklare li te tande kòmantè pozitif nan bouch divès kominote lekòl ki kontan pou genyen yon nouvo lè kondisyon ki enstale nan batiman yo.

Apwouve- Pa apèl nominal, Komite a ansanm te apwouve Rapò Sirentandan Enterimè a.

KÒMANTÈ PIBLIK LA AN JENERAL

- Michael Heichman, rezidan Dorchester ak manm Alyans Jistis nan Edikasyon nan Boston (Boston Education Justice Alliance), te temwanye sou yon varyete pwoblèm edikatif.
- John Mudd, rezidan ak avoka nan Cambridge, te temwanye konsènan eka reyisit yo, divèsite nan pwofesè yo, epi aksè ak lang natif.
- Lisa Jeanne Graf, rezidan nan Fenway epi paran nan Quincy Upper School, te temwaye konsènan opsyon pou elèv newodivès yo.
- Ruby Reyes, rezidan Dorchester ak direktè Egzekitif Alyans Jistis nan Edikasyon nan Boston, te temwanye konsènan relouvèti lekòl la.
- Sharon Hinton, rezidan ak avoka nan Hyde Park, te temwanye konsènan pwoteksyon nan lekòl ak sèvis transpò a.

Moun sa yo te temwanye avèk pwoblèm ki konsène fizyon ki pwopoze ant lekòl elemantè Sumner ak Philbrick:

- Elizabeth Ferrenz, rezidan Roslindale ak paran nan Summer
- Allison Friedmann, rezidan Roslindale ak paran nan Summer
- Jess Manna, rezidan Roslindale ak paran nan Summer
- Laprema Dunn,, rezidan Roslindale ak paran nan Summer
- Rachel Young, rezidan Roslindale ak paran nan Summer
- Lauren Peter, rezidan Roslindale ak paran nan Summer

Mèkredi 14 Septanm 2022

ELEMAN AKSYON

Apwouve- Sou apèl nominal, Komite a yon fason inanim te apwouve sibvansyon yo pou apwobasyon yon montan total de 959 498\$.

RAPÒ

Tantativ Konvansyon Negosyasyon Kolektif ant Komite Lekòl Boston nan ak Sendika Pwofesè Boston yo - Konseye Senyò, Megan Costello te founi yon apèsi sou akò tantativ la ant Lekòl Piblik Boston yo ak Sendika Pwofesè Boston yo (Boston Teachers Union, BTU) konsènan akò negosyasyon kolektif ane lekòl 2021-2024 yo. Akò ki negosye a genyen yon kantite karakteristik ki soutni rezilta elèv ki fò yo, ki gen ladan li rekritman ak kenbe yon gwoup entèvansyon divèsifye epi ki gen talan, konje parantal peye, ranbousman pèman eskolè, divès laptòp ak yon ogmantasyon to kouvèti pou parapwofesyonèl yo. Akò a konsantrè pwofondman pou sèvi elèv ki pi vilnerab yo nan distri a avèk yon refont konplèt nan libele enklizyon ki nan kontra a. Nouvo libele ki nan kontra bay opòtinite pou distri a pou travay an kolaborasyon avèk patnè sendika yo sou travay enpòtan sa. BTU te ratifye kontra a jodi a. Komite Lekòl la pwograme pou vote sou akò a ak yon demann kredi adisyonèl pou Ane Fiskal 2023 ak Konsèy Minisipal Boston nan 28 Septanm.

Madam Lopera te mande kòman gwoup travay sou enklizyon ki dekri nan akò a pral entegre angajman kominotè a. Madam Costello te deklare gwoup travay sou enklizyon an se sèl fason BPS pral gen vwa kominote a ak a fanmi an, li te ajoute ke Prezidan Robinson pral presize detay gwoup travay yo nan semèn k ap vini yo. Li te remake administratè yo te fè pati pwosesis la.

Madam Cardet-Hernandez te felisite chanjman ki te fèt nan libele kontra ki konsène elèv ki gen andikap yo. Li te poze kesyon sou kalandriye mizannèv enklizyon an, selon Madam Costello, pral varye selon lekòl la. Mesye Cardet-Hernandez te poze yon kantite kesyon sou mizannèv ak doub pèmi pèsònèl distri a te reponn ak li a. Li te mete an gad kont konsekans yo pa t prevwa yo. Sirentandan Adjwen Prensipal Etid yo, Doktè Linda Chen ak Direktris Egzekitif Edikasyon Espesyalize a Lauren Viviani te reyafime angajman distri a pou plase elèv yo nan anviwònman ki mwens restriktif la, pandan y ap itilize otonomi an pou kreye inovasyon pandan y ap soutni ak pwoteje elèv yo.

Mesye O'Neill te poze kesyon sou enpak finansye akò tantativ la. Pou Ane Fiskal 2022 a (FY22), tout depans yo an rezèv. Pou Ane Fiskal 2023, Sirentandan pral mande pou Komite a apwouve yon ogmantasyon bidjetè adisyonèl a 37 674 337\$. Pou Ane Fiskal 2024 la, ogmantasyon depans yo pral entegre pwopozisyon bidjè nan Komite Lekòl la 1ye Fevriye 2023 pou pwosesis planifikasyon bidjè 2023-24 la. Total depans kontra twa lane a se 141 651 361\$. Mesye O'Neill te remèsye Prezidan Robinson pou enplikasyon pwofon li nan negosyasyon kolektif yo.

Mesye Cardet-Hernandez te mete presizyon sou enpòtan pou deploje divès estrateji solid rekritman ak retansyon pou fè pwomosyon yon gwoup entèvansyon solid.

Mèkredi 14 Septanm 2022

KOMANTÈ PIBLIK LA SOU RAPÒ YO

Pa t genyen.


NOUVO BIZNIS

Doktè Echelson te anonse Sendika Pwofesè Boston nan pral òganize Fwa Anuèl Liv nan Syèj Sosyal BTU nan Dorchester 24 Septanm. Komisyon Sante Piblik Boston ap òganize yon vaksinasyon ak yon klinik boustè 17 Septanm nan White Stadium.

REPÒTE

Apwouve - Anviwon 09:56 pm, Komite a te vote a inanimite, pa yon apèl nominal, pou ranvwaye rankont lan.

Ateste:



Elizabeth Sullivan
Sekretè Egzekitif